

Finansman

Pifò plan asirans sante yo kouvri sèvis Entèvansyon Bonè. Depatman Sante Piblik pran anchaj tout frè ki pa kouvri pa asirans responsabiltè sivil oswa Sante Piblik Ko-peman ak franchiz yo anile lè yon timoun benefisyè yon sèvis, ki enkli evalyasyon tou.

Orè ak Lè

Lendi	8:00 maten – 5:00 apre midi
Madi	8:00 maten – 5:00 apre midi
Mèkredi	8:00 maten – 5:00 apre midi
Jedi	8:00 maten – 5:00 apre midi
Vandredi	8:00 maten – 5:00 apre midi
Samdi	FÈMEN
Dimanch	FÈMEN

Direksyon yo

Nan 24 North

Pran sòti I2B (sòti Taunton). Vire Adwat sou I40N. Vire agoch sou Mozzone Blvd. Vire adwat sou Allison Avenue.

Nan 24 South

Pran sòti I2, nan direksyon Taunton, Vire agoch sou MAI40N/County Street. Vire agoch sou Mozzone Blvd. Vire adwat sou Allison Avenue.

Soti nan 140 South (soti nan Taunton Green)

Nan direksyon Silver City Galleria, pran adwat nan Taunton Depot Drive. Vire agoch sou Allison Avenue (ant Home Depot ak Ocean State Job Lot)

Nan 140 North

Pran agoch sou Mozzone Blvd. Vire adwat sou Allison Avenue.



"Choice, Opportunity, Support"

68 Allison Avenue
Taunton, MA 02780-6958
t 508-880-0202
f 508-880-2425
TTY 508-880-0950
 www.ahsinc.org

Tout kontribisyon yo dediktib pou enpo sou revni.

Entèvansyon Bonè



Haitian Creole



"Choice, Opportunity, Support"



Filozofi

Filozofi Entèvansyon Bonè (EI) se ke paran yo se pi bon pwofesè pitit yo ak manm ki pi enpòtan nan ekip la. Yo plase yon manm pèsònèl kòm kowòdonatè sèvis prensipal timoun nan. Fanmi yo gen aksè a tout yon ekip, ki okouran de devlopman timoun nan, e ki toujou ap evalye pwogrè li. Tout manm ekip EI yo resevwa fòmasyon pou transfere konpetans youn ak lòt pou ke ansanm tout ekip la ka ede nan idantifye ak travay sou priyorite fanmi an. Manm ekip yo ka gen ladan Terapet Pwofesyonèl, Terapet Fizik, Patolojis Lapawòl/Lang, Konseye Sante Mantal, Travayè Sosyal, Enfimyè Diplome, Edikatè ak Espesyalis Devlopman. Yo rele sa yon Apwòch Transdisiplinè.

Rezon

Entèvansyon Bonè bay evalyasyon devlopman nan kominote a ak sèvis a fanmi ki gen timoun, depi nesans jiska 3 zan. Anjeneral, timoun yo ka devlope, yo gen yon dyagnostik medikal, oswa yo gen reta nan devlopman/nan risk pou yo pran reta, nan youn oswa plis nan domèn sa yo:

- Motè
- Lapawòl & Lang
- Koyisyon
- Sosyal emosyonèl
- Adaptasyon

Vil yo sèvi yo enkli Berkley, Dighton, Lakeville, Middleboro, Raynham, Rehoboth, Seekonk, ak Taunton.

Objektif yo

- Patenarya ak fanmi an pou konprann bezwen espesifik pitit yo epi bay paran yo sipò ak gid devlopman pou fasilite kwasans ak devlopman pitit yo.
- Pou bay sèvis nan anviwònman natirèl chak jou yon timoun ak fanmi yo

- Pou sipòte ak ede fanmi yo nan tranzisyon nan nouvo pwogram oswa k ap kontinye lè pitit yo vin gen twazan oswa atenn objektif devlopman.
- Pou bay enfòmasyon ak resous bay fanmi yo ak ajans kominotè yo

Sèvis

- Evalyasyon Devlopman
- Plan Sèvis Fanmi Endividyalize
- Sesyon ansèyman nan kay ki gen ladan kowòdinasyon sèvis, aktivite terapetik ak konsiltasyon ak lòt manm ekip la
- Gwoup jwèt kominotè pou tibebe ak timoun piti
- Bibliyotèk k ap prete materyèl pou edikasyon ak devlopman
- Gwoup konsèy, sipò ak edikasyon paran yo
- Asistans avèk resous ak referans
- Yo bay sèvis espesyalize tou jan sa nesèsè

